

SUPERFUND

Sit Rivyè Lower Neponset Boston/Milton, MA

PWOGRAM SUPERFUND NAN pwoteje sante moun ak anviwònman an pandan y ap mennen ankèt epi fè netwayaj nan sit dechè danjere ki souvan abandone yo epi pandan y ap angaje kominote yo nan tout pwosesis la. Anpil nan sit sa yo konplike anpil epi yo bezwen aksyon netwayaj alontèm. Moun ki responsab kontaminasyon sa yo responsab pou peye frè netwayaj yo. EPA fè gwo efò pou chanje tè ki te kontamine ak dlo souteren ki te kontamine oparavan yo pou yon itilizasyon ki pwodiktif.

DESKRIPSYON:

Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (EPA) idantifye Sit Superfund Rivyè Lower Neponset la (Sit la) aktyèlman antanke twonson 3.7 mayls nan Rivyè Neponset la apati kote li melanje avèk Mother Brook (se yon afluyan Rivyè Neponset la ki sitye nan anlè Dana Avenue nan Hyde Park) desann jiska Baraj Walter Baker Chocolate (ki sitye anlè Adams Street nan Dorchester/Milton). Selon echantyon EPA te teste nan lane 2023, premye mayl Sit la genyen sediman ki kontamine, sòl plèn ki inondab, dlo poral (pore water), ak dlo sifas. Sit la genyen limit avèk teren rezidansyèl, komèsyal, endistriyèl, ak teren piblik yo, ki genyen ladan wout vèt Rivyè Neponset la.

Yon peryòd kòmantè piblik 30 jou pral kòmanse nan dat 13 Jen 2025 lan, epi l ap kontinye jiska 13 Jiyè 2025. Yo pral fè yon odyans piblik vityèl nan sware 9 jiyè 2025 lan.

AKTIVITE K AP VINI:

EPA ap mande fidbak ou sou altènativ netwayaj ki rekòmande a pou Faz 1 nan Sit Superfund Rivyè Lower Neponset la ke yo bay nan Evalyasyon Enjenyeri/ Analiz Pri (EE/CA a). EE/CA a jeneralman gen enfòmasyon sa yo:

- Yon rezime kontaminasyon nan Sit la ak netwayaj ki te fèt nan tan pase yo.
- Idantifikasyon zòn ak volim dechè ki ka bezwen netwayaj yo.
- Altènativ netwayaj pou zòn Faz 1 Sit la.
- Yon evalyasyon ak konparezon chak altènativ netwayaj ki baze sou efikasite, aplikasyon, ak pri.
- Altènativ netwayaj EPA rekòmande a.
- Demann pou kòmantè piblik.

KONTAK PRENSIPAL:

ZANETTA PURNELL

Kominote EPA
Kowòdonatè Patisipasyon
617-918-1306
R1Neponset@epa.gov

ALEXANDER "TRISTAN" PLUTA

Direktè Pwojè Mezi pou
Koreksyon EPA
617-918-1258
pluta.alexander@epa.gov

ENFÒMASYON

JENERAL:

LIY TELEFÒN-GRATIS SÈVIS KLIYANTÈL

1-888-EPA-7341

APRANN PLIS SOU:

www.epa.gov/neponsetriver

kontinye >>

Yon peryòd kòmantè piblik 30 jou pral kòmanse nan dat 13 Jen 2025 lan, epi l ap kontinye jiska 13 Jiyè 2025. Yo pral fè yon odyans piblik vityèl nan sware 9 jiyè 2025 lan. Yon prezantasyon enfòmatif ki anrejistre alavans pral vin disponib sou pajwèb Sit Neponset River Superfund nan alavans odyans piblik vityèl la.

Enfòmasyon sou enskripsyon pou odyans piblik vityèl la pral disponib sou sitwèb Lower Neponset River Superfund Site la nan www.epa.gov/neponsetriver.

PATISIPASYON KOMINOTÈ - PERYÒD KÒMANTÈ PIBLIK:

Yon "peryòd kòmantè piblik" pou EE/CA a se yon espas tan ki deziyen lè piblik la kapab soumèt kòmantè fòmèl sou aksyon EPA rekòmande a. Kòmantè se yon fason enpòtan pou fè tandè vwa w nan pwosesis priz desizyon an. Kòmantè piblik yo ka ranfòse desizyon sou anviwònman yo lè yo bay enfòmasyon oswa pèspektiv ki pa te konsidere pandan pwosesis redaksyon pwojè a. Ou ka jwenn konsèy sou fason pou bay kòmantè ki efikas yo isit la:

epa.gov/publicnotices/tips-providing-effective-comments-epa-actions

Nan fen peryòd kòmantè piblik la, EPA pral prepare yon rezime alekri sou kòmantè enpòtan yo, kritik, ak nouvo enfòmasyon enpòtan ki te soumèt pandan peryòd kòmantè piblik la. Rezime reyaktivite sa a pral vin disponib avèk Memorandòm Aksyon an, ki dokimante desizyon netwayaj EPA a.

ENFÒMASYON SOU ODYANS PIBLIK LA:

Yo pral fè yon odyans piblik vityèl nan sware 9 jiyè 2025 lan. Odyans piblik yo bay yon opòtinite pou piblik la bay kòmantè piblik oral sou pwopozisyon aksyon EPA yo. Tout kòmantè piblik oral yo te resevwa yo fè pati dosye piblik la. Pandan odyans lan, reprezantan EPA yo ka rekonèt, men pa reponn dirèkteman a kòmantè ke manm kominotè yo te fè yo. Repons ajans lan pou kòmantè piblik oral yo pral enkli nan rezime repons lan.

METÒD POU BAY YON KÒMANTÈ PIBLIK:

- Pòtay Federal Reglemantasyon Elektwonik (metòd prefere EPA): <https://www.regulations.gov/docket/EPA-R01-SFUND-2025-0083> Nimewo ID Dosye. EPA-R01-SFUND-2025-0083
- Imel: R1Neponset@epa.gov
Mete nan liy sijè a: Nimewo ID Dosye a: EPA-R01-SFUND-2025-0083
- Oral: Yo pral fè yon odyans piblik vityèl nan dat 9 Jiyè 2025 lan
- Sèvis Postal Etazini:
Adrès pou:
Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini, Rejyon 1 – Alexander Pluta, SEMD Chèf Pwojè ak Reyabilitasyon
5 Post Office Square - Suite 100 (Kòd Lapòs 07-MI), Boston, MA 02109-3912
- Livrezon Nan Men oswa Kourye Lapòs (sou randevou ki pwograme sèlman):
EPA Etazini New England, Rejyon 1, Sant Dosye ak Enfòmasyon
5 Post Office Square - Suite 100
Boston, MA 02109-3912

Lè fonksyonman Sant Dosye a se 8:30 a.m. - 4:30 p.m., Lendi-Vandredi (eksepte Jou Ferye Federal yo).
Pou pran yon randevou, tanpri rele Christopher Ferry nan (617) 918-1440.

Yo dwe resevwa tout kòmantè piblik yo oswa genyen enfòmasyon lapòs yo anvan **11:59 p.m. nan dat 13 Jiyè 2025**.



Gwoup Konsiltatif Kominotè (CAG):

Manm kominotè ki rete tou pre ak/oswa ki afekte pa Sit la te fòme yon Gwoup Konsiltatif Kominotè. CAG yo bay yon fason pou manm kominotè yo rasanble epi fè echanj enfòmasyon, pou diskite sou bezwen yo ak enkyetid yo ki gen rapò ak Sit Superfund nan, epi patisipe nan pwosesis priz desizyon an.

Manm CAG yo reprezante yon gran enterè nan kominote a. Si ou enterese aprann plis, oswa si gen posiblite pou w patisipe nan CAG la, tanpri kontakte dirèkteman ripley@neponset.org.

Sèvis Asistans Teknik pou Kominote yo (TASC):

Genyen yon konseye teknik endepandan ki disponib pou eksplike rezilta teknik yo, pou ede kominote a pi byen konprann pwoblèm anviwònmantral konplèks yo, reponn kesyon kominotè yo, fè kòmantè piblik yo bay EE/CA a, epi sipòte wòl aktif kominote a nan pwoteje sante piblik ak anviwònman an.

Sèvis TASC yo disponib pou prezante enfòmasyon teknik, pou diskite sou enkyetid kominotè yo, epi elabore kòmantè kominotè yo. Detay lojistik espesifik yo pral disponib pandan peryòd kòmantè piblik la.

LYEN KI ITIL YO

Konsènan Pwosesis Netwayaj Superfund nan:

epa.gov/superfund/about-superfund-cleanup-process

Reyalize Aksyon Eliminasyon Ki Pa Ijan Selon CERCLA a – Fich Enfòmasyon Referans Rapid:

semspub.epa.gov/work/11/175656.pdf

Kesyon yo Poze Souvan sou Toksisite Bifenil Poliklore (PCB):

atsdr.cdc.gov/toxfaqs/tfacts17.pdf

Memorandòm Rezime Evalyasyon Done yo – Rapò Faz 1:

semspub.epa.gov/work/01/100032178.pdf



Gwoup Konsiltatif Kominotè (CAG):

epa.gov/neponsetriver/stay-updated-get-involved-lower-neponset-river-bostonmilton-ma#CAG

Sèvis Asistans Teknik pou Kominote yo (TASC):

www.epa.gov/superfund/technical-assistance-services-communities-tasc-program

Lower Neponset River Superfund Site



- Site Beginning/End
- Canoe Launches
- Dam Location
- Neponset River Watershed
- Active EPA Short-term Removal Site
- Phase 1 Reach Undergoing an Engineering Evaluation/Cost Analysis
- Phase 2 Reach
- Staging Area

EPA Region 1 GIS Center
INC1561167 Last updated on 1/21/2025

Esri Community Maps Contributors, Boston College Campus GIS, Esri, TomTom, Garmin, SafeGraph, GeoTechnologies, Inc, METI/NASA, USGS, EPA, NPS, US Census Bureau, USDA, USFWS, Esri, NASA, NGA, USGS, FEMA, Boston College Campus GIS, Esri, TomTom, Garmin, SafeGraph, METI/NASA, USGS, EPA, NPS, USDA, USFWS

4 nan 4

